


# Saloka Bahasa Jawa, Pengertian, Ciri, Contoh dan Artinya

**Kawruh basa.com** - Saloka yaiku unen-unen kang gumathok, ngemu surasa [pepindhane](#), dene pepindhane mau trumrap uwong lan kahanan utawa pakartine. Dalam bahasa Indonesia, Saloka adalah ungkapan tetap, mengandung makna kiasan pengandaian terhadap orang dan keadaan atau tingkah lakunya. Namun, yang digunakan untuk perumpamaan biasanya hewan atau barang. Sebagai contoh "gajah ngidak rapah" artinya wong kang nerak marang wewalere dhewe (orang yang melanggar peraturannya sendiri)

Dalam bahasa Jawa, umumnya ada tiga macam peribahasa, yaitu [paribasan](#), [bebasan](#), dan saloka. Dari masing-masing peribahasa tersebut memiliki ciri khas khusus yang membedakannya.

## Ciri khusus Saloka



Saloka memiliki ciri-ciri khusus sebagai berikut:

1. Mengandung arti kiasan (konotatif)
2. Sifatnya tetap
3. Mengandung ungkapan pengandaian, dengan menggunakan perumpamaan hewan ataupun barang

Pelajari juga [30 Contoh Rura Basa, bahasa Jawa salah kaprah yang masih umum digunakan](#)

## 63 contoh Saloka dan artinya

Untuk memperjelas apa itu saloka, di sini kami berikan berbagai contoh agar anda bisa membedakan jenis peribahasa bahasa Jawa.

**1. Ala belo becik jaran = nalika isih cilik rupane ala bareng gedhe rupane ayu/bagus**

Maknanya: ketika kecil wajahnya jelek, setelah besar wajahnya cantik/ganteng.

**2. Asu arebut balung = uwong rebutan barang kang ora mingsra**

Maknanya: orang yang berebut sesuatu yang tidak seberapa nilainya.

**3. Cecak nguntal elo = duwe karep kang mokal kelakone**

Maknanya: punya keinginan yang mustahil terlaksana

**4. Gagak nganggo laring merak = wong asor sing carane urip kaya wong gedhe**

Maknanya: rakyat kecil tetapi cara hidupnya seperti pejabat/orang kaya

**5. Gajah ngidak rapah = wong sing nerak marang wewalere dhewe**

Maknanya: orang yang melanggar omongan/peraturannya sendiri

**6. Gajah tumbuk kancil mati ing tengah = wong luhur pasulayan wong cilik kang nemu cilaka**

Maknanya: pejabat yang bertengkar/berperang rakyat yang susah/sengsara

**7. Kebo bule mati setra = wong apik matine ora kopen**

Maknanya: orang baik meninggalnya tidak terawat

**8. Kebo kabotan sungu = wong kang uripe rekasa jalaran kakean sanggan**

Maknanya: orang yang hidupnya sengsara karena terlalu banyak beban

**9. Kebo lumumpat ing palang = uwong ngadili prakara ora nganggo wewaton sing benar**

Maknanya: orang mengadili perkara tetapi tidak menggunakan pedoman yang benar.

**10. Kebo nusu gudel = uwong tuwa njaluk wuruk marang wong enom**

Maknanya: orang tua minta petunjuk/arahan dari anak muda

**11. Pitik trondhol diumbar ing pedaringan = wong ala dipercaya ngreksa barang kang dadi pekaremane**

Maknanya: orang jahat dipercaya memelihara/menjaga barang yang jadi kesenangannya

**12. Pecruk tunggu bara = wong ala dipercaya njaga barang kang dadi pekaremane**

Maknanya: orang jahat dipercaya memelihara/menjaga barang yang jadi kesenangannya

**13. *Semut marani gula = wong kang marani panggonan kang ana rejekine***

Maknanya: orang yang pergi ke tempat yang banyak rejeki

**14. *Tekek mati ing ulune = wong oleh kacilakan marga saka omongane dhewe***

Maknanya: orang mendapat kecelakaan/halangan karena ucapannya sendiri

**15. *Ula marani gebuk = wong kang njarak marang kacilakan***

Maknanya: orang yang bermain dengan bencana/kesusahan/kemalangan

**16. *Asu belang kalung wang = wong ala nanging sugih***

Maknanya: orang jelek, rendah, atau jahat tetapi kaya

**17. *Asu gedhe menang kerahe = wong sing duwe pangkat dhuwur biasana menang ing prakara***

Maknanya: orang yang lebih tinggi derajat pangkatnya biasanya menang permasalahannya

**18. *Ati bengkong oleh oncong = wong kang duwe niat ala antuk dalam***

Maknanya: orang yang punya niat buruk/jahat ada yang mendukung dan mendapat jalan

**19. *Baladewa ilang gapite = wong kang kelangan kekuatane***

Maknanya: orang yang kehilangan kekuatannya.

**20. *Bathok bolu isi madu = wong sudra nanging sugih ngelmu***

Maknanya: orang rendah tetapi kaya pengetahuan

Pelajari juga [Keratabasa Bahasa Jawa yang populer sepanjang masa](#)

**21. *Bebek mungsuh mliwis = wong padha pintere memungsuhan, nanging sing siji kalah marga kalah tekun/trampil***

Maknanya: orang pandai bermusuhan dengan orang pandai tetapi yang satu kalah tekun dan terampil

**22. *Belo melu seton = wong kang melu grubyak-grubyuk nanging ora ngerti maksud lan tujuane***

Maknanya: orang yang ikut-ikutan tetapi tidak tahu maksud dan tujuannya

**23. *Beras wutah arang bali marang takere = samubarang sing wis owah langka isoh pulih meneh kaya maune***

Maknanya: sesuatu yang sudah berubah dari asal mulanya mustahil bisa pulih seperti sediakala.

**24. *Cebol nggayuh lintang = wong sudra duwe pepinginan kang mokal kelakone***

Maknanya: orang miskin yang mempunyai keinginan yang mustahil tercapai

**25. *Cecak nguntal empyak/cagak = duwe pepinginan kang ora jumbuh karo kabisane***

Maknanya: keinginan/cita-cita yang tidak sesuai dengan kemampuannya

**26. *Dhandhang diunekake kuntul, kuntul diunekake dhandhang = ala dikandhakne becik, becik dikandhakne ala***

Maknanya: buruk dikatakan baik, baik dikatakan buruk

**27. *Dhemit ora ndulit, setan ora doyan = wong kang tansah antuk keslametan ora ana sing ngganggu gawe***

Maknanya: orang yang selalu diberi keselamatan serta tidak ada yang mengganggu

**28. *Dom sumurup ing banyu = tumindak meneng-menengan kanggo nutupi ala***

Maknanya: melakukan sesuatu secara diam-diam untuk menutupi keburukan

**29. *Emprit abuntut bedhug = prakara cilik dadi gedhe***

Maknanya: permasalahan kecil menjadi besar menjadi-jadi

**30. *Endhas gundhul dikepeti = wong sing wis enak isih ditambahi enak***

Maknanya: orang yang sudah enak ditambah enak lagi

**31. *Gagak nganggo elaring merak = wong sudra nanging tumindake kaya wong duwe pangkat drajat sing dhuwur***

Maknanya: orang miskin yang bertindak seperti orang besar/luhur

**32. *Gajah alingan suket teki = sipat utawa tumindak sanadyan ora katon mata, mesti bakal katon***

Maknanya: sifat atau kelakuan lahir maupun batin meskipun tidak kelihatan pasti suatu saat akan tampak yang sebenarnya

**33. *Gajah tumbuk karo gajah, kancil mati ing tengah = wong sing duwe kalungguhan padudon, wong cilik sing dadi korban***

Maknanya: orang yang berkedudukan saling bertengkar, rakyat kecil yang menjadi korban

**34. *Gong lumaku tinabuh = wong sing tansah dijaluki wewarah utawa ngelmu***

Maknanya: orang yang selalu dimintai petuah atau dimintai ilmu pengetahuan

**35. Idu didilat maneh = wong kang wis menehi utawa janji, nanging dijuluk maneh utawa dijabel rembugke**

Maknanya: orang yang sudah memberi kemudian meminta kembali pemberiannya atau membatalkan janji yang diucapkan

**36. Iwak klebu ing wuwu = wong sing gampang diapusi**

Maknanya: orang yang mudah dibohongi

**37. Jati ketlusuban ruyung = kumpulan wong apik-apik keleton wong sing tumindake ala**

Maknanya: kumpulan orang-orang baik yang kemasukan orang yang buruk sifatnya

**38. Jaran kerubuhan empyak = wong kang wis kapok ora bakal mbaleni maneh**

Maknanya: orang yang sudah jera dan tidak akan mengulangi lagi

**39. Kacang mangsa ninggala lanjaran = pakulinan anak biasane niru tumindake wong tuwane**

Maknanya: kebiasaan anak biasanya meniru perbuatan orang tua

**40. Kebo bule mati setra = wong pinter nanging ora ana sing mbutuhne, amarga manggon aneng kang ora samesthine**

Maknanya: orang pandai tapi kepandaiannya tidak ada yang membutuhkan karena berada di tempat yang tidak semestinya

Pelajari juga [4 jenis Tembung Camboran Bahasa Jawa, pengertian dan contohnya](#)

**41. Kebo ilang tombok kandhang = wong kang wis kelangan nanging isih mbutuhake bea/ragat kanggo nggoleki barang sing ilang mau**

Maknanya: orang yang sudah kehilangan tapi masih membutuhkan biaya untuk mencari barang yang hilang tadi

**42. Kebo mulih nyang kandhange = wong sing wis lunga suwe bali menyang asale**

Maknanya: orang yang sudah pergi lama dan kembali lagi ke asalnya

**43. Kebo kabotan sungu = wong sing uripe sengsara merga kakean anak**

Maknanya: orang yang kehidupannya susah/menderita karena kebanyakan anak

**44. Kebo nusu gudel = wong tuwa njaluk tulung marang bocah enom**

Maknanya: orang tua yang meminta bantuan kepada pemuda

**45. *Kemladheyan ngajak sempal = wong neneka ngajak tumindak ala***

Maknanya: pendatang yang mengajak berbuat onar/keburukan

**46. *Kere munggah bale = wong mlarat diangkat utawa didadekne bojo wong gedhe***

Maknanya: orang miskin yang diangkat jadi orang berkedudukan atau dijadikan istri/suami orang yang berkedudukan/orang besar

**47. *Kethek seranggon = kumpulane wong- wong sing seneng tumindak ala***

Maknanya: segerombolan orang yang berbuat kejahatan

**48. *Klenthing wadhah masin = wong sing abot ninggalke pakulinan ala***

Maknanya: orang yang berat meninggalkan kebiasaan buruk

**49. *Kriwikan dadi grojogan = prakara cilik dadi gedhe***

Maknanya: permasalahan kecil menjadi besar dan menjadi-jadi

**50. *Kutuk marani sunduk = wong sing dolanan bebaya***

Maknanya: orang yang bermain-main dengan bahaya

**51. *Lahang karoban manis = wong ayu utawa bagus lan budi pakartine luhur***

Maknanya: orang yang wajahnya cantik atau ganteng serta berbudi pekerti luhur

**52. *Lambe satumang keru samerang = wong kang diwenahi ngerti bola-bali nanging tetep ora percaya***

Maknanya: orang yang diberi tahu berkali-kali tetap saja tidak percaya

**53. *Legan golek momongan = wong kang wis kepenak uripe nanging malah golek kasusahan***

Maknanya: orang yang sudah enak hidupnya tetapi malah mencari kesulitan

**54. *Opor bebek mentas awake dhewe = wong kang ngrampungke prakara merga budidayane dhewe***

Maknanya: orang yang menyelesaikan permasalahan karena usahanya sendiri

**55. *Palang mangan tanduran = wong kang dipercaya njaga samubarang malah dirusak dhewe***

Maknanya: orang dipercayai menjaga sesuatu tetapi malah merusaknya

**56. *Satru mungwing cangklakan = mungsuhi wong sing sabenere isih sedulure dhewe***

Maknanya: memusuhi orang yang sebenarnya masih sanak saudaranya sendiri

**57. *Sumur lumaku tinimba = wong kang kudu dijaluki pitakonan***

Maknanya: orang yang harus dimintai pertanyaan

**58. *Tumbu oleh tutup = wong kang wis cocok karo pepinginane utawa karepe***

Maknanya: orang yang sudah cocok dengan keinginannya

**59. *Timun mungsuh duren = wong mlarat memungsuhan karo wong sing duwe kuwasa***

Maknanya: orang miskin yang bermusuhan dengan orang yang berkuasa

**60. *Timun wungkuk jaga imbuh = wong bodho lan elek digunakne menawa dibutuhke***

Maknanya: orang bodoh dan jelek dipakai hanya jika dibutuhkan

**62. *Tunggak jarak mrajak, tunggak jati mati = turunane wong cilik lan ala dadi akeh, nanging keturunane wong apik entek***

Maknanya: keturunan orang kecil atau buruk berkembang, sedangkan keturunan orang baik habis

**63. *Yuyu rumpung mbarong rongge = omahe gedhe nanging satemene wong mlarat***

Maknanya: rumahnya besar tetapi sebenarnya orang yang miskin

Contoh di atas hanya sebagian saja, masih banyak tembung saloka lainnya.

Pelajari juga [\*\*Tembung Garba Bahasa Jawa: Pengertian, Fungsi, Jenis dan 57+ Contohnya\*\*](#)

## **Kesimpulan**

Saloka adalah suatu ungkapan dalam bahasa Jawa yang bermakna kiasan, sifatnya tetap, dan mengandung ungkapan pengandaian, dengan menggunakan hewan atau barang sebagai perumpamaan. Saloka sudah ada sejak jaman dahulu, sehingga masyarakat Jawa sekarang hanya tinggal menirukan saja.

Mengapa saloka hanya ditirukan?

Karena masyarakat Jawa sekarang sudah kesulitan membuat saloka

Apakah orang sekarang masih bisa membuat saloka?

Bisa, namun sudah jarang. Karena mengumpamakan sesuatu itu tidak mudah.

Bagaimana cara membuat saloka?

Dengan cara melihat contoh saloka yang sudah ada, kemudian diolah sendiri hingga menjadi sebuah perumpamaan yang belum ada.

Demikian yang dapat kami sampaikan mengenai Saloka, semoga bermanfaat bagi anda yang membutuhkan. Selalu kunjungi website [Kawruh Basa](#) untuk mendapatkan artikel pengetahuan Bahasa Jawa yang baik dan benar, atau ikuti kami di [Google News](#)